

LIV KI GEN ENFÒMASYON POU MANM OU AN CHANJE POU L GEN LADAN L KRITÈ KALIFIKASYON KI AJOU POU NOUVO MANM AK MANM KI TE ENSKRI DEJA KI TE KITE EPI ENSKRI ANKÒ NAN YON PLAN MANAGED LONG TERM CARE (MLTC)

Pou nouvo moun ki enskri yo, apati **1ye septanm 2025**, kritè kalifikasyon Pwogram MLTC a pou rantre nan yon plan MLTC Partial Capitation (MLTCP) egzije pou YO evalye yon moun kòm moun ki bezwen sèvis ak sipò alontèm ki fèt nan kominote a (CBLTSS) pou plis pase 120 jou epi pou yo reponn Egzijans Bezwen Minimòm ki ann apre yo:

- omwen yon asistans limite pou bouje fizikman avèk plis pase de aktivite lavi chak jou (ADL); oubyen
- moun ki gen yon dyagnostik demans oswa alzaymè, yo evalye kòm moun ki bezwen omwem sipèvizyon ak plis pase yon ADL.

Si w te enskri nan nenpòt Plan MLTC anvan 1ye septanm 2025, ou p ap gen pou w respekte nouvo Egzijans Bezwen Minimòm yo lè y ap refè evalyasyon an yo toutotan ou toujou enskri nan nenpòt plan MLTC. Si w kite pwogram MLTC a epi ou vle rantre ankò, w ap bezwen satisfè kritè kalifikasyon ki an plas pou enskripsyon MLTC a lè w enskri ankò.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele sèvis manm MetroPlusHealth nan 855.355.6582 (TTY: 711), Lendi pou rive Vandredi, 8am pou rive 8pm, epi Samdi, 9am pou rive 5pm.